



Pòt Chanm nan Pwogram Rezidansyèl yo

Nimewo Politik la:	RP-26-05
Dat Piblikasyon:	14 Me 2026
Dat Antre an Vigè:	17 Novanm 2026
Aplikabilite:	Tout Pwogram Rezidansyèl ki gen Lisans

KONTÈKS

Depatman Early Education and Care (EEC) nan Massachusetts angaje li pou bay anviwònman lakay ki an sekirite ak akeyan pou tout rezidan k ap viv nan pwogram rezidansyèl yo. Politik sa a dekri kondisyon kote vi prive pèsònèl rezidan yo ka respekte atravè fèmèn oswa fèmèn ak kle pòt chanm yo oswa itilizasyon lòt kalite kouvèti pòtay san sa pa konpwomèt sipèvizyon, sekirite, oswa byennèt okenn rezidan.

OTORITE

- 606 CMR 3.01: "...606 CMR 3.00 idantifye, nan pi gwo limit posib, estanda ak pratik ki nesèsè yo...(3) pou satisfè bezwen chak rezidan pou sekirite, espas, konfò, vi prive, diyite, ak kominote."
- 606 CMR 3.08(7): Inite Rezidansyèl yo.
- 606 CMR 3.09(1): Dosye Rezidan yo.

DEFINISYON

Pou objektif politik sa a, definisyon sa a itilize:

- Oto-Pwoteksyon: Kapasite fizik, emosyonèl, oswa mantal pou pran aksyon rezonab ak apwopriye pou pwoteje tèt li lè l ap fè fas ak sikonstans negatif oswa

menasan, ki gen ladan men pa limite ak dife, move tan grav, ijans medikal, oswa kriz emosyonèl.

DEKLARASYON POLITIK

Fèmen Pòt Chanm/Kouvri Pòt Chanm yo

Pòt chanm yo ak pòtay chanm yo nan pwogram rezidansyèl yo dwe rete ouvè epi san kouvèti tout tan sof si chanm lan okipe pa yon sèl rezidan ki rete nan chanm nan epi ki montre kapasite oto-pwoteksyon apwopriye. Nan sikonstans sa yo, si yon dezyèm moun antre nan chanm rezidan an, pòt la dwe rete ouvè sof si gen yon detèminasyon klinik ki fèt konsènan afektasyon espesifik chanm nan pwogram pre-endepandan ak pwogram jèn granmoun ki egzije yon lòt dispozisyon.

Pou chanm sa yo ki okipe pa yon sèl rezidan ke pwogram rezidansyèl la detèmine ki montre kapasite oto-pwoteksyon apwopriye, pwogram nan dwe asire chanm nan gen yon pòt ki kapab fèmen oswa yon lòt kalite kouvèti pòtay oswa dokimante yon plan sou fason pou bay vi prive pou rezidan chanm nan, dapre 606 CMR 3.01(3).

Pòtay chanm yo dwe toujou rete san mèb, dezòd, oswa lòt baryè fizik.

Fèmen Chanm ak Kle

Kadna sou pòt chanm yo nan pwogram rezidansyèl yo pa dwe anpeche rezidan yo soti fasilman nan chanm yo an ka ijans. Nenpòt pòt ki gen kadna dwe fasil pou ouvri soti anndan san lakòz reta. Kadna deadbolt yo pa pèmèt sou pòt chanm pwogram rezidansyèl yo.

Kadna sou pòt chanm yo nan pwogram rezidansyèl yo pa dwe anpeche oswa retade anplwaye pwogram nan jwenn aksè nan chanm yo. Kadna sa yo pa dwe kapab fèmen soti anndan epi anplwaye pwogram nan dwe gen aksè ak nenpòt kle oswa kòd sekirite ki nesesè pou ouvri pòt la.

KONFÒMITE

Anplwaye EEC yo ka mezire konfòmite pandan vizit nan pwogram rezidansyèl yo lè yo revize pòtay chanm yo ak/oswa nenpòt plan vi prive rezidan ki gen rapò ak sa.

DEMODE

- Politik EEC sou Pòt Fèmen/Fèmen ak Kle (2003)